

Deklarasyon Enpak Sou Ekite: Rapò Anyèl Sou Anplwa

Tit: Rapò Anyèl Anbochaj & Divèsite Mendèv

Dat: 1ye Desanm 2021

Èske yo itilize [Zouti Planifikasyon Ekite Rasyal la](#) ? Wi Non

Si wi, mete dat (yo) reyinyon REPT yo ak lyen pou ranpli REPT la: _____

Èske yon manm Divizyon Ekite, Estrateji ak Opòtinite Gap te revize deklarasyon sa a? Wi Non

Seksyon Zouti Planifikasyon Ekite Rasyal BPS	Rezime / Jistifikasyon
<p>1. Pwopozisyon/Prezantasyon & Enpak <i>Ki rezilta pwopozisyon/efò ou vle, ki gen ladan l eliminasyon disparite yo? Kiyès ki te dirije travay/planifikasyon sa a, epi èske yo refleto idantite gwoup elèv BPS yo ak fanmi yo (gwoup kle yo enkli moun ki nwa, Latinx, Azyatik, endijèn, imigran, moun ki pale plizyè lang, epi ki gen eksperyans nan Edikasyon Espesyal)?</i></p>	<p>Prezantasyon sa a se aktyalizasyon anyèl Biwo Resous Zimèn an bay Komite Lekòl la anbochaj distri a ak divèsite mendèv la. Li konsantre prensipal prezantasyon an sou pwofesè yo ak konseye oryantasyon pedagogik yo.</p> <p>Travay sa a dirije selon :</p> <p>Biwo Resous Zimèn:</p> <ul style="list-style-type: none"> ● Albert Taylor, Jr., Prezidan Biwo Resous Zimèn ● Raecia Catchings, Direktè Jeneral Adjwen Resous Zimèn ● Jon Barrows, Direktè Resous Zimèn <p>Divizyon Ekite, Estrateji ak Diferans Opòtinite</p> <ul style="list-style-type: none"> ● Charles Grandson IV, Responsab Biwo Ekite ak Estrateji ● Ceronne B. Daly, Direktè Jeneral, Biwo Rekritman, Fòmasyon, ak Pwogram Divèsite <p>Divizyon Lekòl yo:</p> <ul style="list-style-type: none"> ● Corey Harris, Direktè Lekòl yo <p>Gwoup sa a yon ti jan reprezante demografi elèv yo. Ekip ki pi laj la se yon gwoup ki pi reprezantatif, ki gen ladan moun ki pale plizyè lang, epi ki gen ekspètiz nan elèv k ap aprann anglè ak Edikasyon Espesyal.</p>
<p>2. Adaptasyon ak Plan Estratejik la <i>Ki jan pwopozisyon/efò adapte ak plan estratejik distri a?</i></p>	<p>Pwopozisyon sa a aliman ak Angajman #5: Kiltive konfyans - Finansman jis ki ekitab ak anviwònman ki akeyan, ak Objektif Fondamantal #5: Lekòl BPS ak anplwaye biwo santral yo pral refleto elèv n ap sèvi yo.</p> <ul style="list-style-type: none"> ● 5.1 Anboche, sipòte, ak kenbe yon mendèv nan chak nivo ki refleto divès kilti ak lang elèv nou yo; epi abòde baryè estriktirèl ki afekte anplwaye ak edikatè sou koulè po yo. ● 5.4 Fè BPS yon plas kote edikatè ak anplwaye vle travay paske yo konsantre pou bay elèv nou yo sèvis, epi yo santi yo gen valè ak sipò nan travay yo..
<p>3. Analiz Done yo <i>Ki done yo te analize? Èske li te divize selon ras ak lòt gwoup prensipal ? Ki sa li te montre konsènan diferans?</i></p>	<p>Ekip Done ak Analiz OHC te itilize done sou divèsite mendèv BPS pou kontwòle, evalye ak fè rapò sou anbochaj ak retansyon. Done sa yo kolekte anba kontwòl OHC chak ane nan dat 1ye oktòb, epi yo enkli:</p> <ul style="list-style-type: none"> ● Done sou anbochaj edikatè selon ras ak kapasite linguistik ● Efektif jeneral edikatè ak mendèv distri a selon ras yo ● Objektif Anbochaj pou divèsite lekòl la ki baze sou demografik aktyèl anplwaye yo kontrèman ak demografik elèv yo (ki gen ladan ras ak kapasite linguistik), ak kantite pòs ki disponib ● Sòti edikatè BPS yo selon ras yo <p>Analiz kontinyèl done yo montre kòman kantite edikatè sou koulè po nan tout eta a gen rapò ak kantite kandida ak edikatè Koulè yo ki nan BPS, ak diferans paralèl konsènan kapasite langaj. Pandan edikatè sou koulè po yo ak edikatè ki pale plizyè lang yo chwazi nan yon pi gwo pousantaj pase sila yo ki egziste nan gwoup seleksyon an, epi sòti selon ras pa montre diferans, yo bezwen kontinye fè efò regilye ak entegral pou</p>

	<p>atenn objektif anbochaj nan nivo lekòl la ak distri a.</p> <p>Ekip Biwo RCD a te enkli done nan prezantasyon ki konsène estrateji pwogramasyon ekip li a te mete sou pye pou bay done anbochaj edikatè yo, ak yon anfas espesifik sou divèsite rasyal ak kapasite linguistik:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Nouvo nan devlopman kandida distri a: seleksyon anbochaj BPS bonè • Enpak pwogram retansyon yo • Rezilta pwogram "kiltive pwòp pipeline nou". • Enpak pwogram sipò preparasyon MTEL yo sou retansyon ak devlopman nouvo kandida ansèyman yo <p>Pandan tout sezon rekritman, yon ekip entèfonksyonèl rankontre chak semèn pou kontwole epi reponn imedyatman nan done sa yo nan nivo lekòl ak pozisyon yo repati selon ras ak kapasite linguistik:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Aplikasyon • Entèvyou • Rekritman • Akseptasyon
<p>4. Angajman moun ki enterese yo <i>Ki moun ki te anboche (kantite, gwoup prensipal, ak wòl) e ki jan, ki rezilta ki te jwenn? Kisa etidyan/fanmi ki pi afekte ak pwopozisyon sa a te di?</i></p>	<p>Prezantasyon sa a te elabore pa mwayen ekip entèdepartmantal la ki reprezante biwo/divizyon sa yo:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Biwo Resous Zimèn • Divizyon Ekite, Estrateji ak Eka Opòtinite - Biwo Rekritman Kiltivasyon ak Divèsite • Divizyon Lekòl yo <p>Manm nan divizyon sa yo rankontre regilyèman ak moun ki gen enterè ekstèn yo pandan tout sezon anbochaj la pou yo angaje yo epi jwenn opinyon nan men defansè dwa moun yo tankou lidè Asosyasyon Edikatè Nwa nan Massachusetts (Black Educators Association of Massachusetts).</p>
<p>5. Estrateji Ekite Rasyal <i>Ki jan pwopozisyon/efò sa a diminye patipri epi ogmante ekite rasyal ak lòt ekite? Ki konsekans envolontè ki posib? Ki estrateji konplemantè ki pral fè mouvman ekite a pwogrese?</i></p>	<p>Prensipal reyalizasyon ki gen rapò ak ekite rasyal e lengwistik ki souliye nan prezantasyon sa a enkli:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Yon ogmantasyon nan pousantaj edikatè ki idantifye kòm moun Koulè a 1% nan dènye ane a, ak apeprè mwatye nan ogmantasyon sa a ki konpoze de edikatè Nwa yo. • Pwopòsyon ki pi wo nan edikatè nwa yo te jwenn travay nan 8 dènye ane yo: 59% nan anplwa jeneral ki idantifye se moun ki gen koulè, ak 56% nan anbochaj ekstèn yo idantifye kòm moun ki gen koulè po nwa. • Pou pwemye fwa nan istwa yo dokimante koleksyon done sa a, pousantaj moun Nwa ki jwenn travay ekstèn te pi wo pase 25% (Garrity threshold), e an reyalite li te 27% ane sa a. • Distri a te kontinye montre yon ogmantasyon nan pousantaj moun ki jwenn travay ki idantifye tèt yo kòm moun ki pale youn nan lang ofisyèl BPS yo, ak 49% nan anplwaye yo ki pale youn oswa plis nan lang sa yo (ki pa anglè).
<p>6 Bidjè & Aplikasyon <i>Ki enpak bidjè yo? Ki jan aplikasyon an pral asire tout objektif, patikilyèman objektif ki gen rapò ak ekite ki yo reyalize? Ki idantite gwoup yo nan ekip aplikasyon an, epi yo pral pote yon Lens ekite?</i></p>	<p>Ekip entèfonksyonèl ki kontwole pwogrè pandan sezon anbochaj la se yon gwoup divès anplwaye ki refilete etidyan yo ak kominote n ap sèvi yo, epi ki toujou ap aplike yon lens ekite. Ekip la angaje l pou l ede distri a diminye nivo reprezantasyon pou anplwaye nou yo refilete pi byen popilasyon elèv n ap sèvi yo.</p> <p>Biwo RCD te resevwa lajan ESSER pou sipòte bezwen pwogram ekspansyon biwo a.</p>

<p>7. Responsablite ak Kominikasyon <i>Ki jan enpak yo pral evalye, dokimante ak kominike pou moun ki gen enterè yo? Ki moun ki pral responsab?</i></p>	<p>Responsablite pou estrateji divèsite Mendèv BPS la pataje atravè twa kategori:</p> <p>Divizyon Lekòl yo, ki te dirije sou lòd Prezidan Corey Harris, li te egzije tout lidè lekòl yo pou yo fikse objektif rekritman divèsite chak ane apati ane 20-21. Siveyan lekòl yo rann direktè lekòl yo responsab pou atenn objektif sa yo, epi Prezidan Harris rann siveyan lekòl yo responsab atravè pwosesis evalyasyon an.</p> <p>Biwo Resous Zimèn, ki te dirije sou lòd Al Taylor, pral kontinye prezante done anyèl sou anbochaj ak divèsite mendèv bay Komite Lekòl la ak piblik la. Ofisye anchèf resous zimèn lan gen responsablite jeneral pou efò sa yo ak kominikasyon sa a, an kolaborasyon sere avèk Divizyon Lekòl yo ak Divizyon Ekite, Estrateji ak Opòtinite.</p> <p>Divizyon Ekite, Estrateji ak Opòtinite ki te anba direksyon responsab Ekite ak Estrateji Doktè Charles Grandson, bay kowòdinasyon ak fasilite rekritman travayè ak retansyon entèfonksyonèl atravè twa divizyon yo, ak siveyans pou aplikasyon solid ki santre sou ekite. Biwo RCD nan ESOG aplike estrateji rekritman divèsite, kiltivasyon, ak retansyon pou atenn objektif distri yo an patenarya ak direktè lekòl yo, lòt manadjè anbochaj, siveyan lekòl yo, ak Biwo Resous Zimèn.</p>
---	---